



POLICE DEPARTMENT COUNTY OF SUFFOLK
 ACCREDITED LAW ENFORCEMENT AGENCY
DEPARTMENT DIRECTIVE
 PDCS-2008-1

PAJ 1 SOU 19 PAJ

ÒDONANS NIMEWO 15 - 60

KI KALITE ÒDONANS JENERAL DEPATMAN	OTORITE EDWARD WEBBER KOMISYONÈ POLIS	SIYATI	
OBJÈ/SIJÈ/TIT PLAN DAKSÈ AK POLITIK KONSÈNAN LANG			
DISTRIBISYON TOUT MANM DEPATMAN AN	SEKSYON KI KREYE 04/12/09	DAT MIZANPLAS 04/12/15	DAT AMANNMAN AN 04/12/15

RÈG AK PWOSEDI YO

CHAPIT 26:TIT: RELASYON KOMINOTÈ

SEKSYON 5:TIT: PLAN DAKSÈ AK POLITIK SOU LANG

I. OBJEKTIF

Pou fè avanse estrateji yo dwe mete anplas yo pou asire moun ki gen Konpetans Limite nan Lang Angle (LEP) jwenn bonjan aksè nan tout sèvis ak pwogram Depatman an yon fason ki konsistan ak Tit VI Lwa 1964 sou Dwa Sivil, ak Oryantasyon LEP 2002 pou Benefisyè Fon Lajan Depatman Lajistis.

II. POLITIK

A. Depatman an okipe yon popilasyon divèsifye ikonpri anpil moun ki gen konpetans limite pou li, pale oswa konprann Angle. Moun ak LEP gendwa kapab kominike grasa sèten fason, (pa egzanp, pale), men yo kanmenm gen konpetans limite nan lòt domèn, (pa egzanp, nan lekti oswa ekriti). Politik ak Plan Daksè nan Lang (LAP) sa a pral abòde mezi yo pran pou asire tout rezidan Konte Suffolk jwenn menm aksè nan menm nivo sèvis lapolis. Depatman an pral evalye regilyèman bezwen lengwistik rezidan yo ansanm ak apwòch Depatman an pou jwenn yon solisyon pou bezwen sa yo, epi li pral mete ajou Politik ak Plan an chak ane.

B. Anplwaye Deptman an pral bay tout manm piblik la menm aksè nan sèvis lapolis epi yo p ap fè diskriminasyon sou baz konpetans nan Lang Angle, peyi dorijin oswa sityasyon imigrasyon. Anplwaye Depatman an pral ofri sèvis lengwistik gratis bay moun ki gen LEP, epi li pral enfòme manm kominote a sèvis asistans nan lang disponib pou yo gratis.

C. Okenn manm nan Depatman sa a ta janm dwe konsidere sèvis ak nenpòt sèvis asistans nan lang Depatman an kòm yon rezon valab pou chèche konne sityasyon imigrasyon yon moun. Okenn manm nan Depatman sa a gen dwa poze kesyon oswa revele sityasyon imigrasyon pèsòn moun, eksepte si lalwa mande ekspreseman pou yo egzamine oswa revele sityasyon imigrasyon li.

D. Plan sa a ap disponib pou piblik la nan yon dokiman ekri nan etablisman Depatman an ki louvri pou piblik la, epi yo pral afiche li sou sit Wèb Depatman an. Epitou yo pral distribye li tou bay gwoup kominotè nan tout Konte Suffolk yon fason ki laj ak enklizif, jan sa posib.

III. DEFINISYON YO

A. Bileng - kapasite pou pale 2 lang nan yon nivo konpetans ki sifizan pou kapab patisipe efektivman nan yon konvèsasyon osijè tèm pratik, sosyal ak pwofesyonèl, ansanm ak posesyon anpil vokabilè, yon aksan ki pa twò etranje ak nivo konpreyansyon ki nesèsè pou pale ak yon vitès nòminal.

B. Ofisye/Manm bileng - yon manm Depatman an ki te teste epi ki resevwa sètifikasyon pou bay asistans nan lang nan konvèsasyon nan yon sèl lang ki pa Angle.

C. Entèprèt (Tradiktè Aloral) Depatman an Otorize (DAI) - yon manm Depatman an ki te teste epi ki jwenn sètifikasyon pou bay sèvis tradiksyon ofisyèlman.

D. Lis Entèprèt (Tradiktè Aloral) Otorize pou Depatman an (Lis DAI) - yon lis manm Depatman an ki otorize bay sèvis tradiksyon ofisyèlman. Kowòdonatè Aksè nan Lang lan pral kreye epi kenbe lis sa a epi bay aksè nan sipèvizè Seksyon Kominikasyon ki kòmanse sèvis li.

E. Entèpretasyon (Tradiksyon Aloral) - lè yon moun koute yon kominikasyon ki nan yon lang (lang dorijin la) epi li konvèti li aloral nan yon lòt lang (lang sib) grasa konpetans ak konesans toulede lang yo.

F. Fòm pou Swiv Asistans nan Lang (PDCS-7042) - fòm Depatman an pou anrejistre nan ki sikonstans yon entèpretasyon oswa yon konvèsasyon nan yon sèl lang te fèt nan yon lang ki pa Angle konfòmman ak Chapit sa a.

1. Chak fwa yon manm Sèvis la bay kèlkeswa kalite asistans nan lang, ofisye ki fè rapò (ki fè demann lan) a pral ranpli tou tout enfòmasyon enpòtan nan Asistans nan Lang ki nan Sistèm Rapò Anliy (ORS).

2. Lè ORS pa nesesè, ofisye ki fè rapò (fè demann lan) pral ranpli yon vèsyon nan fòm dokiman papyè Fòm pou Swiv Asistans nan Lang (PDCS-7042). Fòm pou Swiv Asistans nan Lang disponib sou Intranet Depatman an anba kategori Fòm Anliy yo.

3. Yo pral remèt sipèvizè manm k ap fè rapò a vèsyon sou fòm papyè ki tou ranpli pou li kapab egzamine ak apwouve li; apre sa, yo pral voye fòm ki apwouve a bay biwo administratif manm lan oswa ekivalan fonksyonèl la, pou yo kapab anrejistre li nan baz done dosye anliy yo.

G. Kowòdonatè Aksè nan Lang (LAC) - Ofisye Kòmndan Biwo Entèvansyon Kominotè (CRB) a nonmen antanke Kowòdonatè Aksè nan Lang Depatman Lapolis.

H. Plan Aksè nan Lang - yon plan adminitratif ki esplike kijan Depatman an pral mete anplas mezi pou ofri bonjan aksè nan sèvis lapolis bay moun ki gen konpetans limite nan lang Angle.

I. Sèvis Asistans nan Lang - asistans yon manm Depatman an bay sou fòm tradiksyon aloral, alekri oswa konvèsasyon nan yon sèl lang ki pa Angle.

J. Language Line Solutions - Sèvis tradiksyon nan telefòn Depatman an anplwaye ki bay aksè 24è sou 24 nan tradiktè ki kapab entèprete ak tradwi nan plis pase 200 lang.

K. Konpetans Limite nan Lang Angle - moun ki gen lan natif natal yo ki pa Angle epi ki gen yon konpetans limite pou li, ekri, pale oswa konprann Angle. Deziyasyon LEP yo depann sou kontèks la: yon moun gendwa gen ase konpetans nan lang Angle pou fonksyone nan yon anviwònman, men konpetans sa yo gendwa pa sifizan nan lòt sityasyon. Pa egzanp, yon moun gendwa gen ase konpetans nan lang Angle pou esplike yon aksidan machin, men li gendwa pa gen ase konpetans pou kapab dekri sikonstans yon konfli lakay nan fanmi a.

L. Lang natif natal - lang yon moun pale pou kominike pibyen. Anplwaye Depatman an ta dwe evite fè sipozisyon konsènan lang natif natal yon moun epi fè tout sa yo kapab pou evalye lang natif natal yon moun pou kapab asire pibon kominikasyon ki posib.

M. Lang dorijin - lang dokiman orijinal la oswa moun prensipal k ap pale a.

N. Lang sib - lang yo itilize pou bay tradiksyon aloral oswa alekri a.

O. Entèprèt (Tradiktè Aloral) Tanporè - kèlkeswa manm Depatman an oswa yon manm nan piblik la anjeneral, ki bileng epi ki kapab tradwi lang dorijin la nan lang sib yo bezwen an.

P. Tradiksyon alekri - lè yon moun ki gen konpetans ak konesans espesyalize nan toulede lang yo ranplase tèks alekri nan lang dorijin la konvèti li nan tèks alekri ekivalan nan lang sib la.

IV. REFERANS

A. Oryantasyon Deptman Lajistis pou Benefisyè Asistans Finansyè Federal Konsènan Tit VI Entèdiskyon Kont Diskriminasyon Peyi Dorijin ki Afekte Moun ki gen LEP, 67 Fed.Reg 41455 (2002)

B. Kòd Letik Asosyasyon Tradiktè Ameriken ak Pratik Pwofesyonèl

C. WWW.LEP.GOV

V. RÈG AK RÈGLEMANTASYON YO

PA APLIKAB

VI. PWOSEDI YO

A. Detèmine Popilasyon LEP yo ak Bezwen nan Lang - Manm Depatman Polis Konte Suffolk gendwa antre an kontak avèk moun LEP pandan travay ofisyèl yo. Pou kapab bay moun sa yo pibon sèvis asistans nan lang, Depatman an dwe òganize anplwaye ak sèvis ki nesèsè pou lang yo gen plis chans pou yo kontre.

1. Identifye vre bezwen pou asistans nan lang

a. Grasa Sondaj Kominote Ameriken Biwo Resansman Etazini pou 2007-2011, Depatman an te idantifye 6 lang ki pa Angle moun nan Konte Suffolk pale plis: Panyòl, Chinwa Mandaren, Polonè, Italyen, Pòtigè ak Kreyòl Ayisyen.

b. Demann pou sèvis tradiksyon nan telefòn Depatman an resevwa pandan lane 2014 montre gen yon bezwen 90% pou Panyòl, yon bezwen 3.9% pou Chinwa Mandaren, yon 0.7% bezwen pou Kreyòl Ayisyen ak yon 0.9% bezwen pou Polonè.

2. Kowòdonatè Aksè nan Lang lan responsab pou kreye, jere, mete ajou epi distribye Politik ak Plan (LAP) sa a.

a. Obligasyon ak responsabilite LAC an konsènan LAP a nan Chapit 26, Seksyon 1, Fonksyon Relasyon Kominotè.

b. LAC pral redistribiye LAP an nenpòt kilè yo fè yon chanjman enpòtan.

3. Siveyans, Evalyasyon ak Mizajou Jefò Asistans nan Lang yo

a. LAC responsab pou kowòdinasyon ak mizanplas tout aspè sèvis Depatman an pou moun LEP yo.

b. LAC pral responsab pou kolekte kontak LEP grasa:

(1) dosye Depatman an kenbe;

(2) bòdwo ak resi Language Line Solutions voye;

(3) DAI ansanm ak lòt founisè sèvis fas-a-fas.

c. LAC pral evalye done demografik, analize done itilizasyon Language Line Services yo, epi konsilte òganizasyon ki baze nan kominote a tankou distri lekòl ak lopital chak ane pou kapab detèmine:

(1) Si yo ta dwe tradwi dokiman yo nan lòt lang toujou.

(2) Si gen dokiman anplis oswa lòt enfòmasyon yo ta dwe tradwi toujou.

(3) Si Depatman an ap bay moun LEP yo aksè nan sèvis lapolis ki efikas, presi ak ki fè sans.

d. LAC pral egzamine yon seleksyon aleyatwa 10 pousan nan Fòm pou Swiv Asistans nan Lang ki ranpli chak trimès pou yo ka asire yo:

(1) Y ap anrejistre enfòmasyon ki nesèsè yo yon fason ki presi ak konplè.

(2) Y ap swiv pwotokòl entèpretasyon ki kòrèk yo.

(3) Yo rapòte bay ofisye komandan kòmandman orijinal la chak fwa yo sèvi ak ofisye/manm bileng pou tradwi.

(4) Si yo sèvi twòp ak entèprèt (tradiktè aloral) tanporè, yo pral rapòte Kòmandan an ki te bay kòmandman an.

(5) Si resous entèpretasyon (tradiksyon aloral) yo deplwaye kòrèkteman.

(6) Yo rapòte defisyans yo bay Kòmandan manm ki fè rapò a.

e. LAC pral bay Komisyonè Polis la yon evalyasyon sèvis LEP yo te bay sou yon baz semi-anyèl.

4. Fè rapò ak Kolekte Done Kontak LEP yo

a. Rapò orijinal - Kèlkeswa manm Depatman an k ap dokimante yon ensidan kote yon pati ki enplike bezwen nenpòt kalite asistans nan lang, se pou li enkli yon deskripsyon asistans li te bay la nan rapò orijinal la ak nan Fòm pou Swiv Asistans nan Lang (PDCS-7042).

b. Rapò dankèt - Kèlkeswa manm Depatman an k ap dokimante yon ensidan kote yon pati ki enplike bezwen nenpòt kalite asistans nan lang, se pou li enkli yon deskripsyon asistans li te bay la nan rapò investigasyon ak nan Fòm pou Swiv Asistans nan Lang (PDCS-7042).

5. Biwo Zafè Entèn Depatman an pral ankete tout plent ki gen pou wè ak aksè nan lang. Epitou, Biwo a pral egzamine tout plent Depatman an resevwa nan yon lang ki pa Angle pou chèche konnen si gen pwoblèm ki kache ki konsènen tout sistèm la.

a. Biwo Zafè Entèn la pral mande detanzantan yon lis tout apèl 9-1-1 kote Seksyon Kominikasyon an te konekte li ak Language Line.

b. Anketè yo pral selesyone owaza yon kantite apèl ki detèmine alavans pou fè yon kontwòl pou yo kapab asire yo moun k ap pote plent yo satisfè ak sèvis lapolis la bay.

6. Si gen yon manm Depatman an ki panse yon DAI ap konpòte li yon fason ki kontrè ak letik ki anpeche yon moun LEP jwenn bonjan aksè, manm sa a pral rapòte enfòmasyon sa a touswit opre sipèvizè li nan yon Korespondans Entèn, PDCS-2042. Yo pral voye korespondans sa a grasa chèn kòmandman sipèvizè dirèk la bay Biwo Komisyonè Lapolis kote yo pral pran yon desizyon konsènan nominasyon manm sa antanke DAI.

7. LAC pral reprezante Depatman an nan patenarya li genyen ak lidè kominote Latino an ansanm ak lidè lòt kominote yo ki gen anpil popilasyon LEP pou asire yo Plan Aksè nan Lang Depatman an anplas kòmsadwa. Biwo Entèvansyon Kominotè a pral abòde preyokipasyon kominote a konsènan plan an ansanm ak ofri lide ak estrateji pou garanti aksè nan lang. CRB an pral òganize egzamen pou evalye efikasite, presizyon ak kalite sèvis plan an.

a. CRB pral òganize yon sondaj trimestriyèl pou gwoup defans Latino ak lòt minorite pou evalye efikasite Plan Aksè nan Lang Depatman an ansanm ak kèlkeswa lòt pwogram ak inisyativ Depatman an.

b. Biwo Entèvansyon Kominotè a pral analize rezilta chak sondaj epi li pral mete mezi anplas, si sa nesèsè, pou amelyore plan an.

c. Yon rapò ki detaye sondaj la, rezilta li yo ansanm ak mezi Depatman te pran yo pral afiche chak ane sou sit Wèb Depatman an ansanm ak nan lòt medya ki apwopriye.

B. Notifye Piblik la konsènan Sèvis Lang SCPD a

1. Pano enfòmasyon ak Dokiman Vital sa yo

a. Yo pral mete afich ak pano yo yon fason ki vizib nan pwen dantre piblik nan tout etablisman SCPD, ak sou paj dakèy sit Wèb Depatman an ki deklare ann Angle, Panyòl ak nan lòt lang ki apwopriye sa ki annapre a:

(1) Tradiktè aloral yo disponib gratis.

(2) Fòm ak dokiman alekri yo disponib nan lang ki pa Angle.

b. Depatman an te idantifye sa ki annapre yo kòm Dokiman Vital:

(1) Kijan pou Jwenn yon Rapò Polis, (PDCS-8100)

(2) Asistans Zak kont yon Fanmi ak Pwosedi devan Tribinal, (PDCS-7109)

(3) Kisa pou fè lè Lapolis Estope w, (PDCS-7148)

(4) Direktiv pou Moun ki Disparèt

(5) Bezwen Espesyal/Pwogram Silver Alert, (PDCS-8060)

(6) Rapò Enfòmasyon Viktim Zak, (PDCS-8105)

(7) Rapò Enfòmasyon osijè Konpliman/Plent,
(PDCS-1300-1)

(8) Notifikasyon Asistans Sante Mantal,
(PDCS-7146)

c. Pano fizik, avi nan sit Wèb ak dokiman vital dwe enprime nan lang Angle, Panyòl ak nan lòt lang apwopriye LAC te idantifye.

(1) Tablo Idantifikasyon Lang yo dwe afiche nan tout etablisman piblik lapolis epi yo dwe genyen yo tou nan tout machin patwouy yo.

(2) Dokiman yo remèt nan yon lang ki pa Angle dwe tradwi, jan sa make nan Plan an.

(3) Si yon moun analfabèt oswa si dokiman yo ekri nan lang ki poko tradwi, yon DAI ki disponib oswa Language Line pral li fòm ak dokiman sa yo bay moun LEP yo nan lang natif natal yo.

2. Responsabilite Biwo Entèvansyon Kominotè a

a. LAC pral òganize pano enfòmasyon yo nan lang ki nesèsè yo epi li pral fè livrezon yo nan chak etablisman Depatman an, depi Kòmandan an mande l.

b. LAC, oswa moun li deziyen an, pral enspekte fizikman chak etablisman Depatman an pou asire li pano ak dokiman ki nesèsè yo byen afiche epi/oswa disponib.

3. Responsabilite Kòmandan an

a. Kòmandan etablisman Depatman an dwe asire to pano ak dokiman ki endike anlè a byen afiche ak vizib pou piblik la anjeneral.

b. Kòmandan yo dwe asire yo anplwaye sibòdone yo fin ranpli Fòm pou Swiv Asistans nan Lang (PDCS-7042) lè yo itilize kèlkeswa sèvis asistans nan lang, pou enkli Manm Bileng yo ki fè konvèsasyon nan yon sèl lang ki pa Angle.

C. Ôf Sèvis Asistans nan Lang - Depatman Polis Konte Suffolk pral pran tout mezi ki rezonab pou bay bonjan aksè san delè nan tout sèvis ak pwogram li yo, san li pa gade lang natif natal moun k ap chèche jwenn sèvis sa yo. Anplwaye Depatman an pral bay asistans nan lang gratis bay tout moun LEP ki bezwen oswa ki mande asistans sa a. Anplwaye Depatman an pral enfòmè piblik la tout sèvis asistans nan lang yo gratis.

1. Language Line Solutions - Tout manm Depatman an, sa ki prete sèman ak sa ki sivil, gen aksè nan sèvis Language Line 24è sou 24, 7 jou sou 7. Language Line bay sèvis tradikasyon aloral nan plis pase 200 lang diferan.

a. Yo enstale doub aparèy telefòn pou kapab kominike grasa Language Line nan anplasman sila yo: Biwo Resepsyon nan tout Pòs Polis ak Katye Jeneral; Seksyon Zak ak Ekip Detektiv nan chak Pòs Polis; Seksyon Operasyon nan Ayewopò yo; gichè piblik Seksyon Dosye Santral; Seksyon Vyolans nan Kay; Seksyon Zak ki baze sou Layèn; Seksyon Asasina; Biwo Zafè Entèn; gichè Biwo Lanmè; Biwo Lanmè - Fire Island (2 telefòn); Biwo Lisans pou Zam; Biwo Akademi Polis (West); Seksyon Viktim Espesyal; Biwo Patwouy Espesyal

b. Epitou, anpil machin patwouy anndan Divizyon Patwouy la ekipe ak selilè ki pwograme pou rele otomatikman Language Line. Selilè sa yo enstale nan inite patwouy sila yo:

(1) Premye Pòs Polis - 102, 106, 108, 114, 117

(2) Dezyèm Pòs Polis - 202, 202A, 203, 205, 206, 209, 217, 221

(3) Twazyèm Pòs Polis - 302, 303, 310, 312, 316, 318, 321, 322, 323

(4) Katriyèm Pòs Polis - 404, 406, 410, 417

(5) Senkyèm Pòs Polis - 502, 509, 510, 512, 513, 515

(6) Sizyèm Pòs Polis - 610, 613, 618, 619

(7) Setyèm Pòs Polis - 702, 708, 714

c. Epitou Konte a te pase yon kontra ak Mill Neck Interpreter Service pou jwenn sèvis entèprèt langaj siy pou moun ki pa tandè oswa ki malantandan. Entèprèt langaj siy yo pral vini kote gen ensidan oswa nan etablisman lapolis yo pou ede ak kominikasyon. Manm Depatman yo gendwa itilize sèvis sa a 24è sou 24, 7 jou sou 7. Manm yo dwe rele Mill Neck dabò nan 516-512-6222 epi yo dwe fè sa enstriksyon nan telefòn lan di yo pou fè. Manm yo dwe konekte nan sit Wèb lan nan: <http://www.millneck.org/services/interpreting/interpreting.html>, epi fè yon demann pou sèvis sou sit Wèb la.

2. Pwosedi pou Bay Sèvis Entèpretasyon (Tradiksyon Aloral) Bay Moun ki Rele 9-1-1

a. Lè yon operatè 9-1-1 resevwa yon apèl epi li wè se yon moun LEP, operatè a dwe eseye evalye ki lang natif natal moun ki rele a.

(1) Si operatè 9-1-1 an wè lang natif natal moun ki rele an se Panyòl, touswit operatè a pral evalye si gen yon operatè ki pale Panyòl ki disponib, epi si genyen, li pral konekte apèl la dirèkteman ak operatè ki pale Panyòl lan. Si pa gen okenn operatè ki pale Panyòl ki disponib, operatè 9-1-1 an pral itilize Language Line.

(2) Si operatè 9-1-1 wè lang natif natal moun ki rele a se pa Panyòl, operatè a pral rele Language Line touswit.

(3) Operatè 9-1-1 an pral pral make nan seksyon ki rezève pou "remak" CAD a ke moun k ap rele gen LEP, li pral make ki lang natif natal moun k ap rele aa epi li pral ekri yon "L" pou apèl la.

(4) Operatè 9-1-1 an pa oblije ranpli yon Fòm pou Swiv Asistans nan Lang (PDCS-7042).

b. Dispatchè yo pral fè tout jefò pou dispatche yon DAI oswa yon ofisye bileng, si genyen ki disponib, pou pran apèl kote gen moun LEP k ap rele.

3. Pwosedi pou Bay Sèvis Entèpretasyon (Tradiksyon Aloral) Souplas

a. Tout manm Depatman yo ki, nan travay yo, dwe kominike ak moun ki gen yon lang natif natal ki pa Angle, pral deside anpremye si moun lan gen konpetans limite nan lang Angle (LEP).

b. Lè yon ofisye ki rive pou yon entèvansyon wè yon moun ki mande sèvis se yon moun LEP, ofisye a pral deside lè sa a ki lang natif natal moun la, grasa Kat Idantifikasyon Lang (PDCS-7044) si sa nesesè.

c. Si ofisye k ap fè entèvansyon an jwenn deziyasyon Ofisye Bileng oswa DAI nan lang natif natla moun LEP a, alòs ofisye k ap fè entèvansyon an gendwa fè yon konvèsasyon nan yon sèl lang ak moun lan epi bay sèvis polis ki apwopriye yo.

(1) Si Ofisye Bileng oswa DAI la wè nenpòt kilè pandan yon entèyaksyon ak yon moun LEP ke yo pa gen ase konpetans nan lang pou bay sèvis, ofisye sa a pral mande asistans nan lang nan men Seksyon Kominikasyon an, jan sa dekri annapre an nan paragraf "d".

(2) Yon Ofisye Bileng pa ka bay sèvis tradiksyon aloral (entèpretasyon) pou yon lòt manm, eksepte si l ap aji selon sikonstans ijan antanke Entèprèt (Tradiktè Aloral) Tanporè.

(3) Yon Ofisye Bileng ki bay sèvis polis sou fòm konvèsasyon ak yon moun LEP nan yon lang ki pa Angle dwe ranpli yon Fòm pou Swiv Asistans nan Lang (PDCS-7042).

d. Si ofisye k ap fè entèvansyon an **pa** gen deziyasyon Ofisye/Manm Bileng oswa DAI nan lang natif natal moun LEP an, ofisye k ap fè entèvansyon an dwe:

(1) Chèche konnen si gen sikonstans ijan. (Si poutèt yon pwoblèm kominikasyon, ofisye k ap fè entèvansyon an pa kapab konnen si gen sikonstans ki ijan, ofisye a dwe itilize kèlkeswa sèvis asistans nan lang ki disponib pou kapab chèche konnen si gen sikonstans ki ijan.)

(2) Mande asistans nan lang pou lang ki idantifye yo nan Seksyon Kominikasyon an.

(a) Seksyon Kominikasyon an pral chèche konnen si gen yon DAI ki disponib.

(b) Si pa gen okenn DAI ki disponib, Seksyon Kominikasyon an pral enfòm ofisye ki fè demann lan pou li itilize Language Line.

(3) Ranpli yon Fòm pou Swiv Asistans nan Lang (PDCS-7042).

e. Sikonstans ki ijan - Anplwaye Depatman an ki dwe kominike ak moun LEP ki nan sityasyon ki danjre oswa k ap evalye rapidman gendwa itilize tanporèman sèvis kèlkeswa entèprèt ki disponib.

(1) Pami entèprèt tanporè yo, gendwa genyen tenweb bileng, ikonpri zanmi ak fanmi moun LEP a.

(a) Ofisye k ap fè entèvansyon k ap itilize kalite entèprèt sa yo dwe konsidere anpremye konpetans tradiktè aloral (entèprèt) yo chwazi a sanble genyen nan lang dorijin ak nan lang sib la, epi li dwe konsidere tou si gen pati pri ki vizib, enterè pèsònèl oswa pwoblèm konfidansyalite poutèt li sèvi ak entèprèt tanporè sa a.

(b) Ofisye k ap fè entèvansyon an responsab pou fòmile ak poze tout kesyon yo. Yon entèprèt tanporè pa gen dwa poze yon moun LEP kesyon pou kont pa li.

(c) Ofisye k ap fè entèvansyon an dwe evalye konpòtman entèprèt tanporè a epi chèche siy ki montre tradiksyon an pa bon tankou:

(1.) Lè deklarasyon entèprèt la pi long owa pi kout anpil pase deklarasyon moun LEP a;

(2.) Lè entèprèt la fè plizyè fwa konvèsasyon sou kote swa avèk moun LEP a oswa ofisye ki fè entèvansyon an;

(3.) Lè moun LEP an sanble l ap fristre oswa li chwazi pale Angle mal malgre jefò entèprèt la.

(d) Ofisye k ap fè entèvansyon an ki decide yon entèprèt tanporè an patikilye gen move pèfòmans oswa li konpwomèt pral sispann sèvi ak entèprèt sa a.

(2) Dire ijans lan - Lè sikonstans yo ki lakòz iajns lan fin pase, ofisye k ap fè entèvansyon an dwe wè si yo bezwen sèvis entèpretasyon toujou.

(a) Si ofisye ki fè entèvansyon an decide li kapab sèvis lapolis yon fason ki presi ak konplè sou labaz enfòmasyon li deja resevwa nan men moun LEP a, yo pa bezwen sèvis entèpretasyon ankò.

(b) So ofisye k ap fè entèvansyon an wè li pa kapab bay sèvis lapolis la yon fason ki presi ak konplè sou labaz enfòmasyon entèprèt tanporè a bay, ofisye ki fè entèvansyon an dwe mande asistans nan lang anplis, swa nan Language Line oswa yon DAI.

(c) Pou objektif seksyon sa a, yo pakapab bay sèvis lapolis yon fason ki presi ak konplè si pandan y ap sèvi ak entèprèt tanporè a, ofisye k ap fè entèvansyon an wè kalite entèpretasyon a sispèk.

(3) Make nan yon dokiman kilè yo sèvi ak entèprèt tanporè - Chak fwa yo jwenn enfòmasyon lè yo sèvi ak yon entèprèt tanporè, ofisye ki fè entèvansyon an anrejistre non ak enfòmasyon pou kontakte entèprèt yo te itilize a; dat, lè ak ki kote yo te fè entèpretasyon an; ansanm ak lang dorijin ak sib yo nan yon Fòm pou Swiv Asistans nan Lang (PDCS-7042).

4. Entewogasyon, Entèvyou ak Plent

a. Sispè zak ki gen LEP

(1) Kèlkeswa deklarasyon alekri yon sispè LEP dwe fèt ak asistans yon DAI. Si pa gen okenn DAI ki disponib nan ang natif natal LEP an, manm ki anba sèman k ap pran deklarasyon an pral itilize Language Line.

(a) Fòm avètisman Miranda yo dwe disponib epi yo pral li yo bay sispè LEP an nan lang natif natal li. Si pa gen fòm ki egziste nan lang sa a, oswa sispè LEP an analfabèt, yon DAI oswa Language Line pral li avètisman Miranda yo pou sispè a.

(b) Lè y ap pare yon entewogasyon oswa yon entèvyou pou yon ajans asosye, manm Depatman an gendwa itilize yon entèprèt ajans sa a deziyen.

(2) Manm Depatman an ki itilize yon DAI lè y ap pran deklarasyon oswa konfesyon yon sispè, anplis deske li te ranpli yon Fòm pou Swiv Asistans nan Lang (PDCS-7042), se pou li make nan deklarasyon sa a:

(a) Dat, lè ak anplasman deklarasyon an

(b) Non, ran ak asiyasyon DAI la

(c) Lang dorijin ak lang sib la

(3) Manm Depatman an ki itilize Language Line lè y appran deklarasyon oswa konfesyon yon sispèk, anplis deske yo dwe ranpli yon Fòm pou Swiv Asistans nan Lang (PDCS-7042), yo dwe make nan deklarasyon a:

(a) Dat, lè ak anplasman deklarasyon an

(b) Non, enfòmasyon kontak ak Nimewo Idantifikasyon entèprèt la

(c) Lang dorijin ak sib yo

b. Viktim ak Temwen ki gen LEP

(1) Kèlkeswa deklarasyon viktim oswa temwen an ki pral bay yon baz prèv pou arestasyon oswa pouswit, yo pran nan men yon moun ki LEP, se pou yo pran deklarasyon an grasa yon DAI.

(2) Si pa gen DAI ki disponib nan lang natif natal LEP an, yo pral sèvi ak Language Line.

(3) Non ak enfòmasyon kontak pou entèprèt yo itilize a, ansanm ak dat, lè, anplasman, lang dorijin ak sib ak Nimewo Idantifikasyon Language Line lan si genyen, dwe make nan deklarasyon viktim oswa temwen an, epi yo dwe make enfòmasyon sa yo tou nan Fòm pou Swiv Asistans nan Lang (PDCS-7042).

c. Plent kont anplwaye SCPD yo

(1) Kèlkeswa moun LEP an ki vle pote plent kont yon anplwaye SCPD pou kèlkeswa rezon an pral resevwa asistans nan lang natif natal li nan menyon DAI, oswa si pa genyen ki disponib, yo dwe itilize Language Line.

(2) Chak fwa yo itilize kèlkeswa sèvis entèpretasyon, se pou yo ranpli yon Fòm pou Swiv Asistans nan Lang (PDCS-7042).

(3) Yo pral bay moun ki pote plent ki LEP an rezilta tout plent yo nan lang natif natal li.

5. Sèvis Tradiksyon (alekri)

a. Biwo Entèvansyon Kominotè (CRB) a pral siveye tout fonksyon tradiksyon yo andedan Depatman an.

(1) CRB pral jere yon lis manm Deptman yo ki otorize fè tradiksyon, jan sa dekri nan dokiman sa a.

(2) CRB an pral kowòdone tout sèvis tradiksyon founisè anba kontra bay.

b. Manm yo ki resevwa lèt nan yon lang ki pa Angle dwe kontakte CRB pou mande asistans nan lang.

(1) CRB pral itilize Tradiktè Depatman an Otorize anvan li voye lèt bay founisè anba kontra.

(2) Kòmandan Biwo Zafè Entèn lan, oswa moun li deziyen an, gendwa kowòdone dirèkteman ak Tradiktè Depatman an ki Otorize, oswa ak founisè anba konta andeyò pou pwoteje konfidansyalite korespondans yo lè sa nesèsè.

(3) Tout tradiksyon yo dwe fin fèt 7 jou oplita apre resepsyon korespondans orijinal la. Yo dwe voye san pèdi tan tout tradiksyon ki fini yo bay kòmandan ki te mande pou yo fè li.

6. Rapò Enfòmasyon Konpliman/Plent (PDCS-1300-1) ki nan lang ki pa Angle dwe genyen sou fòm lan enfòmasyon ki annapre yo:

- a. sèvis entèpretasyon disponib gratis nan tout etablisman Lapolis oswa nan telefòn; epi
- b. Biwo Zafè Entèn gen yon liy telefòn ki rezève pou moun ki pote plent nanlang Panyòl.

D. Fòmasyon - Depatman an pral òganize yon fòmasyon chak ane pou tout manm Depatman an sou politik ak pwosedi LEP yo. Yo pral òganize fòmasyon sa a pou anplwaye yo fèk anboche ak pou anplwaye ki deja ap travay, epi pral gen ladann enstrikyon nan salklas ansanm ak videyo fòmasyon ak Bilten Fòmasyon Depatman an.

1. Responsabilite yo

- a. Kowòdonatè Aksè nan Lang lan pral kreye ak mete ajou yon korikolòm fòmasyon konplè konfòmman ak Plan Aksè nan Lang Depatman an, epi li pral òganize fòmasyon nan entèpretasyon an patenarya ak gwoup kominotè lokal yo ansanm ak Akademi Lapolis bay manm ki sou lis DAI an.
- b. Biwo Akademi Lapolis la pral jere korikolòm lan epi òganize fòmasyon an.

2. Depatman pral ofri 20 èdtan fòmasyon konsènan Kilti ak Lang Panyòl nan Pwogram Fòmasyon Anplwaye ki fèk Anboche yo ki gen ladann politik ak pwosedi LEP yo.

3. Manm ki deja ap travay pou Depatman an, ni sa prete sèman ni sivil yo, pral patisipe nan yon fòmasyon chak ane nan sa ki annapre a:

- a. Kijan pou idantifye bezwen nan asistans nan lang yon moun LEP pandan yon entèyaksyon fas-a-fas oswa nan telefòn.

b. Fason pou jwenn aksè nan Entèprèt Depatman an Otorize, Ofisye/Manm Bileng, Language Line Solutions, ansanm ak itilizasyon entèprèt pandan sikonstans ijan.

c. Fason pou travay ak entèprèt yo epi evalye kalite entèprèt yo.

d. Fason pou teni kont de divèsite kiltirèl ak pwoblèm kominikasyon poutèt lang nan etablisman politik yo.

e. Fraz, mo ak kòmandman debaz nan lang Panyòl.

4. Anplwaye ki prete sèman pral resevwa yon fèy ak poul pou ede yo sonje ki rele Memo Book Insert (PDCS-7041) nan Lang Panyòl pou ede yo nan sityasyon ki gen pou wè ak lapolis kote gen moun LEP.

5. Epitou tout manm Depatman an dwe patisipe nan klas anyèl Fòmasyon Endividyalize Desantralize pou Anplwaye nan Travay la (Decentralized Individualized In-Service Training - D.I.I.T.) ki annapre yo:

a. Lòd senp nan Lang Panyòl - 27 minit

b. Language Line Services - 3:35 minit

E. Kalifikasyon

1. Tout manm Depatman an dwe bay yon notifikasyon alekri bay Seksyon Pèsonèl la, grasa PDCS-7043 (Kesyonè sou Konpetans nan Lang Etranje) bay Kòmandan manm lan, pou enfòmè Seksyon an yo gen konpetans yo konnen yo genyen nan yon lang ki pa Angle.

a. Sipèvizè Seksyon Pèsonèl la pral jere yon envantè tout konpetans nan lang manm Depatman deklare yo genyen.

b. LAC pral konpile epi jere yon lis DAI epi li pral prezante lis la bay Seksyon Kominikasyon an, ki pral mete li adispozisyon sipèvizyon ki de sèvis la.

2. Sètifikasyon Konpetans yo

a. Manm Depatman an ki vle pou yo mete yo sou lis DAI lan dwe fè yon demann oper LAC pou sa.

b. LAC pral pwograme yon tès konpetans entèprèt ak founisè anba kontra ki deziyen pou manm ki vle jwenn sètifikasyon. Yo pral pwograme tès sou konpetans entèprèt lan depi yo bezwen l epi li pral evalye

(1) Konpetans manm lan nan Lang Angle nan lang ki teste a

(2) Konesans manm lan konsènan vokabilè lapolis debaz

(3) Si li kapab entèprete yon fason ki presi

(4) Si konn konsantre pou tande byen

(5) Si li sonje enfòmasyon yo

(6) Si li kapab swiv enstriksyon

(7) Wòl entèprèt ak konsiderasyon ko gen pou wè ak letik

c. Yo pral mete non manm ki bay sètifikasyon founisè anba kontra a sou lis DAI la.

d. Manm ki pa kapab jwenn sètifikasyon entèprèt la nan men yon founisè anba kontra dwe enfòm LAC epi pwograme yon tès sou konpetans nan lang.

(1) Manm yo ki bay sètifikasyon konpetans nan lang founisè anba kontra a rele "Ofisye/Manm Bileng" pou lang ki teste a/yo.

(2) Manm ki pa kapab bay sètifikasyon konpetans nan lang ap elijib pou refètè sla, si LAC decide sa posib.

e. LAC pral pwograme tout tès re-evalyasyon chak 2zan yo pou chak manm ki sou lis DAI la ak pou chak Ofisye/Manm Bileng.

(1) Yo pral retire non DAI yo ki pa reyisi re-evalyasyon an sou lis DAI la.

(2) Yo pral sispann deziyen Ofisye/Manm Bileng yo ki pa reyisi re-evalyasyon kòm moun ki "Bileng".

(3) Manm ki pa kapab reyisi re-evalyasyon an pral jwenn otorizasyon pou pwograme yon lòt tès, si LAC la otorize l.

f. DAI yo k ap chèche jwenn sètifikasyon anplis antanke tradiktè pral mande sètifikasyon an nan men LAC la.

(1) LAC la pral pwograme tès sètifikasyon tradiktè yo ak founisè anba kontra ki deziyen an depi gen yon bezwen.

(2) Yo pral rele "Tradiktè" sou lis DAI tout DAI yo ki reyisi tès konpetans nan tradiksyon ki deziyen an.

(3) LAC pral òganize tè re-evalyasyon chak 2zan pou chak manm ki deziyen kòm "Tradiktè". Yo pral retire deziyasyon "Tradiktè" pou tout manm yo ki pa reyisi re-evalyasyon an.

VII. AKREDITASYON

A. NYSLEAP

VII. ENDÈKS

Kowòdonatè Aksè nan Lang - 26/5

Plan Aksè nan Lang - 26/5

Fòm pou Swiv Aistans nan Lang (PDCS-7042) - 26/5

Konpetans Limite nan Lang Angle - 26/5

FINI